**ЧАСТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ**
**«ШКОЛЬНАЯ АКАДЕМИЯ «ВУНДЕРКИНД»**

366208, Чеченская Республика
г. Гудермес, ул. Хаджигириева, 13

Тел./факс: 8 (928)744-26-86
E-mail: School-wunderkind@

Исх. № 13 «26 » апреля 2018г.

**Пресс-релиз №13**
**«25 апрель - Нохчийн меттан де»**

Апрель беттан 25-чу дийнахь Гуьмсерчу –г1алин долара «Школьни Академи «Вундеркинд» д1адехьира даздар нохчийн меттан Денна лерина. И даздар д1адехьира нохчийн меттан хьехархоша Мустапаева З.С., Шамилева Л.А.

Даздаре кхайкхина лераме хьаша Гуьмсан муниципальни к1оштан дешаран урхаллин куьйгалхо Кадыров Ахьмад-Хьаьжин ц1арах йолчу орденан Кавалеран Куразова Исмаь1алан Малика.

Ишта ишколан куьйгалхо Дадагова Мохьмадан Хьава, администраци ишколан Ильясова Н.А., Станиславенко Н.В., берийн дай-наной а.

И.М. Куразовас нохчийн меттан Денца доьзна декъалдеш дош элира: « Ас даггара декъалдо вайн дерриге къам нохчийн меттан Денца! Ирсе дахар кхоьллинчу нохчийн къоман аз хилла бекийла вайн ненан мотт: берийн ловзарехь, кегийрхойн безамехь, къанойн дагалецамехь! Вайн мотт кхиорехь, 1алашбарехь къахьега Дала ницкъ лойла вайна!»

Жигара дакъалецира дешархоша: стихш йоьшуш, эшарш лоькхуш, хелхарш деш. Ч1ог1а дика кийсак гайтира бераш кхетош-кхиорехь нохчийн меттан хьехархоша Мустапаева З.С., Шамилева Л.А., Куразова Л.У., дешархочо 6а классера Сатабаев Мохьмада.

«Стенна г1айг1ане вара Мурад?» И кийсак яра г1иллакх-оьздангаллех а, тешамах а лаьцна. Дешархошка диканиг схьаэцийтарх, вочух хербахарх лаьцна.

Цхьаьнакхетар хаздеш, тодеш дара дехьа х1оттийна шун, нохчийн къоман кхача.

Ишта, хаза, ч1ог1а самукъане, берийн самукъадолуш чекхделира цхьаьнакхетар.

Теша лаьа, вайна Дала схьабелла, эзарнаш шерашкахь вайн дайша ларбина, нанас бер санна, 1алашбеш  схьабеана нохчийн мотт а, оьзда г1уллакхаш а вайн т1екхуьучу къоначу чкъуро 1алашдийриг хиларх!

25.04.2018шо.   Мустапаева З.С., хьехархо нохчийн меттан, литературин.






